



Kesyon yo Poze Souvan sou Règleman an

Tit Règleman an: Avi sou Règleman/Politik CCFA pou Revni Entèrim ki Kalifye

Nimewo Règleman an: CCFA-26-01

Dat Li Pibliye: 7 Janvye, 2026

Dat li An Vigè: 1ye Janvye, 2026

Lyen Règleman an: [EEC CCFA-26-01 Interim Income Eligible CCFA Policy ADVISORY](#)

REZIME JENERAL

Dokiman Kesyon yo Poze Souvan (FAQ) sa a reponn kesyon yo te poze pandan Sesyon Enfòmasyon sou Chanjman Règleman CCFA 2025 yo, ki te fèt pou Administratè Aksè Fanmi (FAAs) nan mwa Desanm 2025 ak janvye 2026.

Yo te voye paj prezantasyon an pa imèl bay listserv la epi y ap pibliye/poste yo tou sou paj CCFA Hub la: [Hub for Child Care Financial Assistance Programs Changes | Mass.gov](#) (← Sa se sit paj Hub la)

Ou dwe voye nenpòt lòt kesyon ta genyen bay: EECSubsidyManagement@mass.gov

KESYON YO POZE SOUVAN (FAQ)

Q. Èske CCFA ak KinderWait pral an mizajou pou refilete sou chanjman règleman sa yo?

A. Tout chanjman CCFA ak KinderWait ki refilete sou Avi Konsèy sou Politik/Règleman Kalifikasyon Revni Pwovizwa CCFA pou 7 Janvye 2026 yo gentan rantre an vigè epi disponib.

Q. Èske EEC pral pibliye yon fòm ki an mizajou pou avi règleman sa a?

A. Fòm EEC yo pral an mizajou etanke yon pati nan pwosesis refòm total sou règleman/politik ak pwosedi k ap fèt an 2026 la. Jiska lè sa a, Administratè Aksè Fanmi yo ta dwe aplike règleman ki an vigè kèlkeswa enfòmasyon ki bay sou fòm yo.

ELIJIBILITE SELON REVNI : Revni Medyan/mwayèn Eta a (SMI) CHANJE

Q. Èske kritè revni maksimòm SMI an ap ogmante?

A. Règleman yo ogmante otorizasyon inisyèl la pou 85% SMI, men revni maksimòm lan rete 85% SMI pou kounye a.

Q. Èske y ap kominike a fanmi yo sou chanjman kritè SMI an?

A. EEC p ap pibliye kominike laprès sou chanjman SMI yo. Administratè Aksè Fanmi yo ta dwe travay ak konseye fanmi yo sou elijibilite/kalifikasyon yo pou asistans finansye pou gadri. Fanmi yo ka ale sou sit entènèt EEC a pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon/elijibilite.

ELIJIBILITE SELON REVNI: REVNI KI PA KONTWOLE /ENKLI

Q. Règleman an di revni/lajan ou rantre pou yon minè pa kontwole etanke yon sous revni. Tanpri defini mo timoun ki konsidere etanke yon minè.

A. "Minè" vle di nenòpt moun ki gen mwens pase dizwit (18) an laj [*Gade [M.G.L c. 4, § 7, cl. 48](#)*].

Q. Is Short Term Disability, PFMLA/FMLA, and Worker's Compensation countable or non-countable income?

A. Dezabilite akout-tèm, konje medikal pou fanmi, ak konpansasyon travayè yo se sous revni ki konte. Pou nenpòt lòt kesyon sou sous revni ki konte/ki pa konte, tanpri kontakte: EECSubsidyManagement@mass.gov

LIS MOUN K AP RETE TANN: KÒD POU BAY PRIYORITE

Q. Èske abi sibstans toujou fè pati lis priyorite a?

A. Non, Abi Sibstans (sa ki vle di moun ki konsome twòp dwòg/alkòl) pa fè pati de lis ki an priyorite (se toujou yon sèvis ki an bezwen).

LIS MOUN K AP TANN: OFRI SIBVANSYON/FINANS

Q. Èske Administratè Aksè Familyal yo (FAAs) dwe chanje fason yo bay sibvansyon/finansman a a fanmi yo?

A. Pa gen okenn chanjman nan pwosesis aktyèl la pou ofri finansman. FAAs ta dwe chwazi fanmi yo selon bezwen kominote yo, espas ki disponib nan pwogram yo, ak/oswa plas ki sou kontra ki disponib.

Q. Si yo fè yon rechèch pou fanmi yo nan KinderWait sou baz priyorite, èske fanmi ki "fè pati oswa mwens pase 50% SMI an" ap moute/parèt?

A. Non, se pa tout fanmi yo ki pral parèt. Se sèlman fanmi ki gen kòd priyorite "a oswa mwens pase 50% SMI" deja antre nan Kinderwait ki pral parèt. Administratè Aksè Fanmi yo ta

dwe fè rechèch la/chwazi selon tou de kòd priyorite ak dat lis datant lan (pou idantifye fanmi ki kalifye ki poko gen kòd la)

LÈ TIMOUN NAN DEPASE LIMIT-LAJ LA PANDAN ANE LEKÒL LA:PWOLONJE OTORIZASYON

Q. Kijan sa pral afekte otorizasyon yo te deja ap trete/regle ak timoun ki te deja nan maksimòm limit-laj la anvan 1ye Janvyè 2026 la?

A. Dat règleman sa a antre an vigè se 1ye Janvyè 2026. Laj maksimòm (lè timoun nan depase laj règleman an) pandan ane lekòl la aplike pou timoun anivèsè nesans yo rive apre 1ye Janvyè 2026 la.

Q. Èske y ap mete fanmi ki gen timoun laj li depase limit la okouran anvan yo fè ekstansyon an/pwolonje?

A. Administratè Aksè Familyal (FAA) yo ap fè yon fanmi konnen ke yo ka pwolonje otorizasyon yo pandan peryòd tan ki kòmanse ak peryòd moman re-otorizasyon 60 jou a. Pandan tan sa a, FAA a dwe trete nenpòt chanjman fanmi an rapòte, verifye ke fanmi an vle pwolonje otorizasyon yo, epi fè fanmi an konnen ke yon fwa pwosesis re-otorizasyon an fini, yo pap kapab chanje desizyon yo.

Q. Èske se responsabilite fanmi yo oswa Administratè Aksè Familyal yo (FAA) pou mande otorizasyon ekstansyon an?

A. Apre FAA fin chita pale ak fanmi an sou ekstansyon an, se responsabilite FAA pou inisye epi mande ekstansyon otorizasyon an, y ap voye yon tikè bay help desk (biwo asistans la) pou yo ka fè sa.

Q. Èske regleman/politik sa a aplike pou plasman 'sèlman lè lekòl fèmen'?

A. Règleman/Politik ekstansyon otorizasyon pou elèv ki rive nan maksimòm limit - kalifikasyon pandan ane lekòl la aplike pou nenpòt timoun ki rive nan laj maksimòm kalifikasyon pandan ane lekòl la.

Q. Lè fanmi an gen timoun ki pi piti nan kay la, èske otorizasyon an ap pwolonje jiska fen ane lekòl la pou tout timoun ki nan kay la? Ki lè otorizasyon an ap renouvle pou timoun ki pi piti yo?

A. Otorizasyon prensipal pou fanmi an ap pwolonje jiska 30 Jen, lè sa a pwosesis re-otorizasyon an ap fèt.

Q. Èske timoun k ap depase limit laj la pandan ane lekòl la bezwen gen yon plasman aktif pou pwolonje otorizasyon prensipal fanmi an?

A. Non. Pozisyon an pa bezwen aktif pou pwolonje otorizasyon an.

- Q. Konbyen tan anvan dat fen otorizasyon an, Administratè Aksè Familyal (FAAs) yo bezwen soumèt yon tikè help desk (sèvis asistans) pou pwolonje otorizasyon an jiska 30 Jen?**
- A. FAA yo dwe soumèt tikè ale bay help desk la (sèvis sipò) a pou mande ekstansyon otorizasyon an jiska 30 Jen^mpi vit ke posib apre yo fin tande fanmi an (apre yo fin voye lèt avi 60 jou a) ki vle pwolonje otorizasyon an.
- Q. E si fanmi an di yo pa vle pwolonje otorizasyon yo?**
- A. Si fanmi an chwazi pa pwolonje dat ekspirasyon otorizasyon li, dat la pap pwolonje epi re-otorizasyon ap fèt pou fanmi an, eksepte timoun laj li deja depase limit laj la.
- Q. E si fanmi an di yo pa vle pwolonje otorizasyon yo epi finalman yo chanje lide?**
- A. Depi yo fin fè re-otorizasyon an, yo pa ka fè pwosesis ekstansyon an.
- Q. Èske FAAs yo dwe soumèt dokiman ak demann tikè yo?**
- A. Pa gen okenn dokiman ki nesèsè lè w ap mande yon ekstansyon otorizasyon pou yon timoun ki pral depase maksimòm limit-laj lan.
- Q. Ane lekòl la diferan selon lekòl yo. Èske "ane lekòl la" vle di pou vil kote timoun nan ale a?**
- A. Wi, lè y ap konsidere si yon timoun ap depase laj la pandan ane lekòl la, administratè aksè fanmi yo dwe itilize kalandriye lekòl kote timoun nan ale a.
- Q. Kijan timoun ki sou yon kontra DCF pral afekte pa politik limit-laj la ak ekstansyon otorizasyon an? Èske y ap kapab kontinye kontra yo oswa èske n ap bezwen mande yon voucher/koupon 9s?**
- A. Timoun ki sou yon kontra DCF anjeneral pa p afekte pa règleman/politik laj-deplase a oswa ekstansyon otorizasyon. Pa egzanp, yon timoun ki gen 13 an pa p fè eksperyans a yon chanjman "laj-anplis" ant gwoup plasman yo epi otorizasyon li a ka pwolonje anba menm tip ki te deja egziste a (kontra oswa voucher/koupon).
- Si, pandan re-otorizasyon an, yo dwe transfere timoun nan sou yon voucher/koupon paske founisè a depase plasman li genyend isponib nan kategori fleksib 10% DCF la, timoun nan ka kalifye pou yon ekstansyon anba voucher/koupon an.
- Q. Èske FAA yo toujou kapab trete referans pou timoun DCF ak DTA k ap chèche yon kan dete epi ki pral gen 13 zan anvan sezon ete a, men ki pa gen plas lekòl?**
- A. Wi. Otorizasyon pou timoun ki gen 12 zan ka kontinye fèt, sa ki enkli timoun ki gen referans DCF oswa DTA k ap chèche kan dete epi ki poko gen plas pou lekòl. Yo ka bay otorizasyon voucher/koupon san plasman; sepandan, otorizasyon pou plasman anba kontra dwe toujou enkli ladan yon plasman/espas disponib.

Timoun ki gen 12 zan nan moman otorizasyon an toujou kalifye/elijib pou yon otorizasyon konplè 12 mwa, sa ki enkli jiska fen sezon vakans ete a, lè sa aplikab. Si yon timoun vin gen plis pase 12 zan pandan ane lekòl la epi otorizasyon fanmi an ta fini anvan fen ane lekòl la, otorizasyon an dwe pwolonje jiska 30 Jen, menm si sa bay plis pase 12 mwa elijibilite.